



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA DEROSA PIBLIYE RAPÒ BAY GOUVÈNÈ A KI
DEKRI REKÒMANDASYON INISYAL GWOUP TRAVAY LA SOU VYOLANS
DOMESTIK COVID-19 POU REPANSE APWCÒH NY NAN SÈVIS DOMESTIK POU
SIVIVAN VYOLANS YO**

Gouvènè a aksepte rekòmandasyon gwoup travay la yo konplètman

*Rekòmandasyon yo remanye yon sistèm ki date depi 40 ane pou rekonèt ke
bezwen sivivan vyolans domestik yo endividyalize*

*Plan k'ap mennen nan nasyon an bay yon pledwari mobil, finansman fleksib ak
chwa lojman pou asire ke yo ekipe chak sivivan*

Rapò konplè gwoup travay la disponib [isit la](#)

Jodi a Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa te pibliye yon rapò bay Gouvènè Cuomo ki dekri rekòmandasyon inisyal Gwoup Travay sou Vyolans Domestik COVID-19 (COVID-19 Domestic Violence Task Force) la pou repanse apwòch New York pou sèvis sivivan vyolans domestik yo. Gouvènè Cuomo te aksepte rekòmandasyon sa yo konplètman epi li ap mande Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence), ansanm ak lòt ajans sè Biwo pou Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services), Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance), Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services) yo, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services) ak Depatman Sante (Department of Health), pou itilize rekòmandasyon sa yo pou mete ajou ak amelyore sèvis vyolans domestik nan Eta New York yo.

Rekòmandasyon ke Gwoup Travay la idantifye yo rekonèt ke bezwen sivivan vyolans domestik yo varye anpil epi gen diferan zouti ki nesesè pou pèmèt chak sivivan kontwole maksimòm sitiyasyon yo tankou: pledwari mobil, finansman fleksib ak chwa lojman. Rekòmandasyon Gwoup Travay la ofri yo pare pou yo aplike yo rapidman, redui fòmalite administratif epi bay priyorite ak konpetans kiltirèl pou pi byen satisfè sivivan yo kote yo ye, ba yo sa yo bezwen epi mete yon fondasyon pou inovasyon kontinyèl. Rapò konplè Gwoup Travay la disponib [isit la](#).

"Pandemi COVID-19 la lakoz yon ogmantasyon radikal nan kantite ka vyolans domestik ke yo rapòte nan eta a, sa ki kite anpil sivivan pyeje lakay yo ak abizè yo san yo pa jwenn aksè ak èd oswa resous", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "New York ap travay pou modènize sistèm nou yo ak fason nou delivre sèvis bay sivivan yo, epi rekòmandasyon gwoup travay la pral ede adrese ogmantasyon alarmant sa a nan

ensidan vvolans domestik yo pandan n'ap bati sistèm ak pwosesis nou yo pi bon pase jan yo te ye anvan an. Mwen remèsyen tout manm gwoup travay la pou travay yo sou pwoblèm sa a ak pou devouman yo nan fini ak vvolans domestik ak vvolans ki baze sou sèks."

"Vvolans domestik se yon pwoblèm ki prezan tout kote nan sosyete nou an, epi pandemi COVID-19 la jis agrave sitiayson an e ekspoze limit sistèm ak metòd tradisyonal nou yo", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi, te di konsa.** "Depi lè ogmantasyon yo nan ensidan vvolans domestik pandan pandemi an, New York deja pran mezi agresif pou jwenn nouvo solisyon ak solisyon inovatè pou rive jwenn sivivan vvolans domestik yo san danje ak bay sèvis enpòtan ki ka sove lavi. Rekòmandasyon sa yo bati sou efò nou yo epi yo pral ede transfòme ak repanse fason nou bay sèvis nan bay sivivan vvolans domestik yo chwa alavni ak kontwòl desizyon yo."

Premye rekòmandasyon: Sèvi ak nouveau teknoloji pou rve jwenn plis ssivivan
Gwoup Travay la rekòmande ke Gouvènè a mande Biwo pou Prevansyon Vvolans Domestik pou li fè patenarya ak founisè asistans teknik nasional yo pou amelyore konesans sou itilizasyon teknoloji pou rive jwenn plis sivivan, tankou sila yo ki nan popilasyon ki tradisyonèlman defavorize yo ak jèn moun ki ka afekte pa vvolans patnè entim.

Gwoup Travay la rekòmande tou pou ajans eta yo sipòte pwogram pou achte aparèy mobil ak sipòte enfrastrikti teknolojik ak finansman federal ki gen rapò ak pandemi an.

Gwoup Travay la rekòmande tou pou OPDV enkòpore yon konpozan diskisyón tchat ak tèks an pèmanans nan fonksyonnalite Liy Dirèk Vvolans Domestik ak Seksyal NYS (NYS Domestic and Sexual Violence Hotline) la.

Dezyèm rekòmandasyon: Bay finansman fleksib pou satisfè divès kalite bezwen sivivan yo
Gwoup Travay la rekòmande pou ajans eta yo bay finansman pou pwogram lokal yo ke yo ka itilize pou sipòte sekirite sivivan yo, estabilite lojman, transpò oswa lòt bezwen. Ansanm ak estrateji pledwari mobil lan, eta a ta dwe pèmèt pwogram yo sèvi ak finansman yo pou yo ka itilize ka fè finansman yo pou mennen pledwari mobil ki baze nan kominate a, ak yon konsantrasyon sou estabilite lojman, otonomi ekonomik, ak planifikasyon sekirite, pou pèmèt sivivan yo rete san danje epi nan yon kay ki stab nan kominate a, si sa posib. Sipò ke pwogram lokal yo bay la ta dwe gen plis paramèt fleksib, li ta dwe satisfè bezwen sivivan yo pi vit ke posib epi li ta dwe disponib jiskaske sivivan an santi li an sekirite. Pli lwen, eta a ta dwe kontinye angajman li pou fè patenarya ak kominate a filantropik ak kominate defans lan, kolabore nan ogmante sipò, ranpli twou vid ki genyen yo kote lajan ki egziste deja pa sifi ak ankouraje plis inovasyon.

Twazyèm rekòmandasyon: Bay plis sèvis navigasyon lojman

Gwoup Travay la rekòmande pou ajans eta yo konekte founisè yo ak divès sous finansman ki gen pou wè ak lojman pou sipòte yon sistèm navigatè lojman. Navigatè yo pral travay avèk sivivan yo pou ede yo jwenn resous ki disponib yo ak sipò pou

lojman ki pase abri ak travay ak defansè vyolans domestik yo pou ede yo pi byen konprann ak ede ak bezwen kliyan yo nan alantou lojman.

Anplis de sa, pwogram vyolans domestik yo ta dwe dezinye yon pòsyon nan salè yon manm pèsonèl yo dwe itilize pou sèvis navigasyon lojman, ak resous yo ki baze nan kominate a ta dwe enkòpore enfòmasyon sa a nan baz done resous yo nan mezi pou yo ka sipòte konplètman viktima sa yo. Wòl navigatè lojman an ta dwe "konble twou vid" ant sèvis vyolans domestik ak founisè lojman yo mezi pou asire ke yo satisfè bezwen lojman sivivan vyolans domestik la.

Katriyèm rekòmandasyon: Retire egzijans ke viktima vyolans domestik depoze yon rapò polisyè pou jwenn aksè ak finansman Lwa pou Viktim Krim yo

Gwoop Travay la rekòmande pou Gouvènè a pibliye yon dekrè egzekitif pou retire egzijans ke viktima vyolans domestik depoze yon rapò polisyè pou jwenn aksè ak finansman Lwa pou Viktim Krim yo. Anpil sivivan vyolans domestik petèt pa kapab oswa pa vle depoze yon rapò polisyè kont moun kap abize yo, epi agrandi aksè a finansman sa a pandan eta ijans lan rete anvigè pral pèmèt sivivan yo travèse kriz COVID-19 la ak sipò finansye enpòtan pou chèche sekirite.

Senkyèm ekòmandasyon: Abòde bezwen sivivan Nwa yo, Endijèn yo ak moun Koulè yo ki se sivivan vyolans ki baze sou sèks

Gwoop Travay la rekòmande pou Konsèy la sou Fanm ak Tifi (Council on Women and Girls) a etabli yon komite pèmanan pou bay priorite ak kowòdone kreyasyon livrezon sèvis ki kiltirèlman konpetan ke yo dezinye pou adrese bezwen sivivan Nwa, Endijèn ak Moun Koulè (Black, Indigenous and People of Color, BIPOC) yo ki se sivivan vyolans ki baze sou sèks. Komite a pral opere anba yon konpreyansyon pataje sou enpak rasis sistemik sou sivivan BIPOC yo, ak aplike yon lantiy entèseksonèl pou konsidere tou seksyalite, idantite seksyèl, laj, andikap, stati imigrasyon, ak lòt idantite ak eksperyans nan travay li yo. Komite a ta dwe rankontre chak de mwa pou kreye yon plan aksyon pou aplike eleman sa yo nan sèvis livrezon atravè ajans yo, enkli estrateji prevansyon konplè, aksè lang amelyore ak sansibilizasyon ki kiltirèlman konpetan.

Gwoop Travay la rekòmande tou pou eta a lanse yon kanpay medya peye e ganyan pou ankouraje prevansyon nan yon fason ki kiltirèlman konpetan epi rive jwenn popilasyon espesifik yo toupatou nan Eta New York.

Sizyèm rekòmandasyon: Nòmalize depistaj vyolans domestik pandan vizit tele-sante yo

Gwoop Travay la rekòmande Gouvènè a pou mande OPDV ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) pou kreye direktiv pou meyè pratik nan idantifye ak reponn ak vyolans patnè entim atravè tele-sante. DOH ak Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) yo ta dwe eksploré deplwaman rapid mekanis pèman Medicaid la(ak komèsyal) pou tès depistaj vyolans patnè entim ak repons atravè telesante, epi OPDV ta dwe devlope epi bay fòmasyon, asistans teknik ak literati ki apwopriye bay founisè swen sante yo pou ankouraje tès depistaj san danje pou vyolans domestik ak repons apwopriye lè yo sispèk oswa yo idantifye vyolans domestik pandan vizit tele-sante yo.

Setyèm rekòmandasyon: Kowòdone yon pwogram pou ankouraje bezwen pou reprezentasyon viktим imigran yo

Gwoup Travay la rekòmande pou Gouvènè a mande OPDV pou kowòdone yon pwogram avèk New York State Bar Association (Asosyasyon Bawo Eta New York) ak lòt asosyasyon bawo ak founisè sèvis jiridik yo pou fasilité fòmasyon ak ankouraje bezwen pou reprezentasyon imigran ki viktим yo pa gwo kabinè avoka nan pwogram gratis yo.

Uityèm rekòmandasyon: Lanse yon kanpay konsyantizasyon publik pou aksantye abi finansye

Gwoup Travay la rekòmande pou OPDV agrandi fonksyon tèks ak liy tchat ki déjà egziste a pou sèvi kòm yon kanal pou adrese divès kalite abi finansye ke sivivan vyolans domestik yo fè fas.

Gwoup Travay la rekòmande tou pou etabli yon pwojè pilòt ak founisè sèvis domestik lokal yo pou idantifye viktим ki gen kredi ki detui akoz abi epi travay pou repare ak rebati sitiayson finansye yo.

Nevèym rekòmandasyon: Lansman yon nouvo inisyativ prevansyon ki mande pou edike mesye yo sou vyolans domestik

Gwoup Travay la rekòmande pou OPDV egzèse otorite sipèvizon li yo pou pwogram entèvansyon patnè abif yo nan Eta New York epi mande li pou li lanse yon nouvo inisyativ prevansyon espesyalman mesye yo, k'ap mete aksan sou koneksyon ant vyolans domestik ak domaj sou timoun yo.

Dizyèm rekòmandasyon: Prepare tèren an pou pwogrè alavni

Rekòmandasyon yo ofri nan rapò sa a reprezante jis yon ti fraksyon nan lide yo ki anpil ak pi bon pratik manm Gwoup Travay yo ofri nan pakou travay yo. Pami estrateji alontèm ke yo dwe plis eksplore yo se politik alantou inovasyon tribunal yo, fason yo adrese koneksyon ki genyen ant abi sou timoun ak vyolans domestik, pwogram prevansyon solid, ak plis pratik koleksyon done konplè. Pandan ke Gwoup Travay la pa pral reyini fòmèlman ankò, manm li yo ofri pou kontinye sèvi kòm resous pou eta san gad dèyè pandan l'ap devlope plan sa yo alontèm.

Enfòmasyon sou Gwoup Travay Vyolans Domestik COVID-19 Eta New York la

Nan premye mwa yo nan pandemi COVID-19 la, done ki te rapòte pa lapolis ak founisè sèvis vyolans domestik yo te moutre yon ogmantasyon nan vyolans domestik, ak Liy Dirèk Vyoland Domestik & Seksyèl ki anrejistre yon ogmantasyon 33 pouzan nan apèl pou mwa avril 2020 parapò ak avril 2019, ak to lokasyon abri nan reyon nò a ki monte a 78 pouzan nan mwa avril 2020 an, kont 59 pouzan nan mwa avril 2019 la.

Depi pandemi an te kòmanse epi dekrè NYS an POZ (NYS PAUSE) te antre an aplikasyon, Biwo Eta pou Prevansyon Vyolans Domestik ak tout ajans eta ki konsène yo ap travay avèk diliijans pou yo rive jwenn sivivan vyolans domestik yo epi konekte yo avèk enfòmasyon sou sèvis ak sipò. OPDV te aplike tou yon nouvo liy tèks konfidansyèl ak yon pwogram tchat pou sivivan yo toupatou nan eta a. Kreyasyon Gwoup Travay la te apiye sou travay sa a, li te reyini 27 avoka ki gen eksperjans e ki gen konesans, founisè sèvis yo ak lidè opinyon nan tout peyi a pou rankontre vityèlman, pataje ekspètiz yo epi kreye pwopozisyon alekri.

Manm ki nan Gwoup Travay Vyolans Domestik sou COVID-19 la yo gen ladan:

- Scott Berkowitz - Fondatè ak Prezidan, Rezo Nasyonal kont Vyòl, Abi ak Ensèst (Rape, Abuse and Incest National Network, RAINN)
- Alejandra Y. Castillo, Esq. - Direktris Egzekitif Jeneral, YWCA USA
- Karma Cottman - Direktris Egzekitif, Ujima, Inc: Sant Nasional sou Vyolans Kont Fanm nan Kominote Nwa a (National Center on Violence Against Women in the Black Community)
- Nathaniel M. Fields - Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Enstiti Resous Iben (Urban Resource Institute, URI)
- Ruth M. Glenn - Prezidant ak Direktris Jeneral, Kowalisyon Nasional Kont Vyolans Domestik (National Coalition Against Domestic Violence, NCADV)
- Peg Hacskaylo - Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral, Alyans Nasional pou Sekirite Lojman (National Alliance for Safe Housing, NASH)
- Jim Henderson - Ekspè an Pwobasyon ak Vyolans Domestik, nan Pwojè Jistis pou Fanm yo Bat (Battered Women's Justice Project)
- Grace Huang, JD - Direktè Politik, nan Ensiti Azi Pasifik kont Vyolans ki Baze sou Sèks (Asian Pacific Institute on Gender-Based Violence)
- Tandra R. LaGrone - Direktris Egzekitif, nan Ak Pwòp Vwa Pa Nou (In Our Own Voices)
- Cindi Leive - Atache Siperyè, Lekòl Jounalis ak Kominikasyon USC-Annenberg (USC-Annenberg School of Journalism and Communications)
- Tonya Lovelace, MA - Direktris Egzekitif Jeneral, Rezo Fanm an Koulè Inc (Women of Color Network Inc, WOCN)
- David Mandel - Direktè Egzekitif, Safe & Together Institute
- Karol V. Mason - Prezidan, Invèsite Jistis Kriminèl John Jay (John Jay College of Criminal Justice)
- Joan S. Meier - Pwofesè Dwa, nan Lekòl Dwa Invèsite George Washington (George Washington University Law School) ak Direktè, nan Sant Dwa kont Vyolans Familyal Nasional (National Family Violence Law Center) nan GW
- Connie Neal - Direktris Egzekitif, Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta New York (New York State Coalition Against Domestic Violence, NYSCADV)
- Ana L. Oliveira - Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral, The New York Women's Foundation
- Leslye Orloff - Direktris, Pwojè Defans Fanm Imigran Nasional nan Invèsite Ameriken Kolèj Dwa Washington (American University Washington College of Law)
- Farzana Safiullah - Direktris Egzekitif, Sant Resous Nasional sou Vyolans Domestik (National Resource Center on Domestic Violence, NRCDV)
- Lynn Hecht Schafran, JD - Direktè Legal ak Direktè, Pwogram Edikasyon Jidisyè Nasional nan Legal Momentum, Defans Legal ak Fon Edikasyon Fanm yo (Women's Legal Defense and Education Fund)
- Lucy Rain Simpson - Direktris Egzekitif, Sant Resous Fanm Endijèn Nasional (National Indigenous Women's Resource Center, NIWRC)

- Joe Torre - Ko-Fondatè ak Prezidan, Fondasyon Sekirite Lakay (Safe at Home Foundation) ak Konseye Espesyal pou Major League Baseball (MLB)
- Patricia Tototzintle - Direktris Egzekitif Jeneral, nan Casa de Esperanza/Rezo Latin@ Nasyonal pou Sante Familyal ak Kominotè (National Latin@ Network for Healthy Families and Community)
- Deborah D. Tucker, MPA - Prezidant, Sant Nasyonal sou Vyolans Domestik & Seksyèl (National Center on Domestic & Sexual Violence, NCSV)
- Deborah J. Vagins - Prezidant ak Direktris Egzekitif Jeneral, nan Rezo Nasional pou Mete Fen nan Vyolans Domestik (National Network to End Domestic Violence, NNEDV)
- Troy Vincent - Vis Prezidan Egzekitif nan Operasyon foutbòl, Defansè NFL ak Nasional pou Mete Fen nan Vyolans Domestik
- Carole Warshaw, M.D. - Direktris, Sant Nasional sou Vyolans Domestik, Twomatiz & Sante Mantal (National Center on Domestic Violence, Trauma & Mental Health)
- Joanne Zannoni - Direktris Egzekitif Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl Eta New York (New York State Coalition Against Sexual Assault, NYSCASA)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)